

8 septanm 2022

Chè fanmi:

Byenveni nan ane lekòl 2022-2023 an!

Kòm papa kat pitit, mwen toujou sonje kè kontan septanm pote ak anksyete timoun mwen yo konsènan sa nouvo ane lekòl la ta pote. Èske y ap renmen pwofesè yo? Èske l ap fasil pou fè nouvo zanmi? Èske y ap byen travay nan kou yo? Mwen te reasire yo ke adilt nan lekòl yo a ta pral pran swen yo menm jan mwen te fè sa lakay mwen.

Kounye a, pandan m ap prepare pou fè premye eksperyans “premye jou lekòl la” kòm Chanselye, mwen rekonesan anvè oumenm ak edikatè nou yo, ki kontan menm jan avèk mwen pou akeyi pitit ou yo ankò. Mwen apresye tou lè w voye pitit ou nan salklas nou yo, ou mete anpil konfyans nan nou—konfyans pou nou estimile pitit ou a onivo entelektyèl pou li ka viv pi gwo rèv li yo. Konfyans ke nou pral kenbe l ansekirite ak ede l grandi kòm moun. Konfyans ke li pral gradye avèk yon machaswiv k ap mennen l nan yon karyè ki satisfèzan epi jwi sekirite ekonomik alontèm. Konfyans ke nou pral anseye pitit ou a kòman pou li vin yon fòs pozitif pou chanjman nan mond nou an.

Mwen pran angajman pou fè tout sa—ak plis ankò.

Ekip mwen an ak mwen menm, nou pase ete a ap reimajine eksperyans elèv la pou nou ka pi byen sèvi pitit ou a. Aprann li/ekri (literacy), ki se baz tout aprantisaj, se pral prensipal konsantrasyon pou ane lekòl sa a. N ap transfòme fason nou anseye lekti lè nou aplike yon gwo kalite pwogram literacy ki baze sou fonetik nan tout lekòl primè. N ap pwolonje aprantisaj la andeyò kat miray salklas la, lè nou ofri elèv vizit regilye nan mize, pak lokal yo ak tout resous enkwayab gwo vil nou an gen pou ofri. Anmenmtan, n ap amelyore eksperyans aprantisaj dijital elèv yo.

Ane sa a, n ap ofri tou pifò opòtinite aprantisaj ou te mande yo, ki pral ranfòse fason nou sèvi tout timoun. Sa gen ladan yon ogmantasyon nan lekòl kominote yo, nan pwogram edikasyon pou elèv douwe ki gen talan (Gifted & Talented, G&T) ak nan pwogram pou amelyore rezilta akademik alontèm pou elèv ki gen andikap. Byennèt ak wòl li nan siksè elèv se yon lòt priyorite ou pral plis tande.


Mwen pa ka ekri fanmi yo san nou pa rekonèt ou kòm poto mitan kominote lekòl nou yo ak vrè asosye nan edikasyon pitit ou a. Chèche fason ki amelyore pou jwenn enfòmasyon ak sipò ou bezwen pou ede pitit ou a reyisi. Sa pral gen ladan sipò pou aksè nan sèvis ki ogmante pou fanmi ki pale lang ki pa anglè ak plis opòtinite pou nou travay ansanm.

Mèsi poutèt ou chwazi lekòl leta Vil Nouyòk. Mwen konnen gen defi epi mwen espere ou dakò pou lekòl nou yo prepare pou mete tout timoun yo nan chemen pou lavni briyan ak asire yo

merite. Mwen ankouraje w ale sou schools.nyc.gov/bts2022 pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo sou nouvo ane lekòl la.

Kòm dabitid, mwen onore pou m asosye avèk ou pou nou ka sèvi timoun nou yo pi byen. Mwen vrèman kwè gen pi bon bagay k ap vini. Kidonk, ann derape ak ane lekòl 2022–2023 a!

Plane wo,

A handwritten signature in black ink that reads "David C. Banks". The signature is written in a cursive style with a large initial 'D'.

David C. Banks
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk